

BILTEN NOUVÈL

Pwoteksyon plant e karantèn

Depatman
Agrikilti
Ameriken

Sèvis
Enspeksyon
Sante Animal
ak Plant

March 1999

Anons Pou Komèsan ak Konsomatè Agrikòl

Pwoteksyon anviwònman ak agrikilti florida

Pèp ameriken grandi ak abitud jwenn divès kalite manje sen nan makèt, diferan kalite plant nan pepinyè nan zòn yo, e anpil bèl bèt, pyebwa, ak plant nan zou ak nan pak bò lakay yo. Malgre sa, moun pa toujou reyalize ki mezi Depatman Agrikilti Ameriken, Sèvis Enspeksyon Sante Animal ak Plant (APHIS an Angle) ak lòt ajans pran pou pwoteje resous anviwòmman ak resous agrikòl sa yo.

Sèvis Enspeksyon Sante Animal ak Plant touche lavi tout Ameriken nan asire disponiblite manje nan makèt yo, kit se manje lokal ki pwodui nan peyi a, kit se pwodui enpòte, ki sòt nan lòt peyi. Li aji sou lavi tou Ameriken nan fasilite ekspòtasyon matyè premyè agrikòl nan lòt peyi e nan konsèvasyon valè tè piblik kou prive nan Etazini. Se responsablite APHIS tou pou kontwòle pwodui agrikòl k ap antre nan peyi a. Anpil pwodui pa ka rantrè Etazini paske ka gen ladan yo de espès etranje – plant ekzotik, epidemi ak maladi nan bèt yo-- , ki ta ka prezante gwo danje pou lakilti, pou betay ak pou anviwònman peyi a.

Florida Sènen

Kontrebandye agrikòl mete an danje anviwònman, ekonomi ak agrikilti ameriken, e disponiblite manje nan peyi a tou. Paske yo pa respekte ekzijans lalwa fè pou enpòtasyon, kontrebandye sa yo reprezante yon gwo menas nan antre nan teritwa Etazini maladi ak epidemi plant ak betay ki ka koute peyi a de milyon dola pou eradike yo.

Kontrebandye yo kontoune ilegalman restriksyon ak garanti Etazini tabli pou elimine maladi ak epidemi plant ak betay e pou prevni envazyon espès etranje. Souvan, pwodui sa yo retwouve yo lwen dèyè gwo ekzijans sanite fèmye ameriken yo menm respekte.

Akòz klima tropikal li, kalite lavi li sèl ofri plant ak bèt e akòz fòs endistri agrikòl li a --6 milya dola--, li tou natirèl

pou Florida menase ak entwodiksyon maladi ak epidemi plant ak betay. Nan dènye ane ki sot pase la yo, eta Florida te deja anvayi pa plizyè vag maladi ak epidemi plant ak betay. An 1997, Depatman Ameriken Agrikilti, Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè nan Eta Florida depanse 25 milyon dola pou eradike epidemi mouch mediteraneyèn nan fwi nan zòn Tampa ak nan zòn alantou yo; travay eradikasyon chank nan sitrus l'ap fè kounye la a koute leta Florida depase 10 milyon dola chak ane.

Men se pa nan depans pou eradikasyon yo sèlman pou wè tout konsekans sityasyon an sou pwodikti Florida yo. Fò konsidere tou pèt ki fèt nan pwodiksyon sèten rejyon ak opòtinite Ameriken rate pou vann pwodui sa yo andedan peyi a oswa aletranje. An final, depans ki fèt pou kontwòl ak eradikasyon vag maladi ak epidemi sa yo al tonbe sou do konsomatè a ki, li menm, pral peye pwodui yo pi chè nan makèt.

Anplis pèt pwodiksyon sèten zòn pral sibi akòz aksyon regilatwa ki pran nan sityasyon an, pwodikti yo pral viktim de son seri pratik malonnèt kontrebandye yo tou. An reyalite, kontrebandye sa yo vin kase pri ki pratike sou mache a nan vann pwodui kontrebann yo a ba pri, tout pandan pwodui sa yo gen dwa pa koresponn ak ekzijans sanite e ak garanti minimòm pestisid (pwodui chimik) yo. Anpil pwodikti nan Sid Florida fè fayit akòz konpetisyon malonnèt sa a.

Pou fè respekte lalwa

Pou reponn a ogmantasyon volim pwodui agrikòl k'ap antre ilegalman nan kontrebann Etazini, Plan Pwoteksyon ak Karantèn APHIS ak Sèvis Konsomatè Depatman Agrikilti Florida (FDACS) fèk lanse Ekip Entèdiksyon ak Kontrebann Florida (FIST), yon ekip ofisye ki antrene espesyalman pa ajans regilasyon Federal ak Eta Florida. Travay ofisye FIST yo, ki spesyalize nan prosedi komès ak entèdiksyon, se ankete sou kontrebandye sa yo e trennen yo devan Lajistis. Anketè yo chèche konnen pa ki mwayen pwodui entèdi sa yo pase pou rantrè Etazini, yo sezi yo e yo fè kontrebandye yo peye depans ki fèt pou detwi yo. Depi gen jistifikasyon, FIST aplike amann sivil oswa kriminel sou responsab kòz la. Kèk nan travay Sèvis Enspeksyon Sante Animal ak Plant (APHIS) rive nan akizasyon devan Gran Jiri, nan

plizyè santèn milye dola amann e nan sezi pwodui agrikòl entèdi.

Pwodui Danjere

Menm si yo ka gen bon gou e parèt an sante, fwi ak legim ki antre ilegalman nan peyi a ka gen ladan yo divès varyete maladi ak epidemi agrikòl. Anpil fwi ak legim ki sot nan sètèn peyi etranje gen entèdiksyon antre Etazini paske mouch fwi ekzotik ak lòt maladi ak epidemi se sityasyon kouran nan peyi sa yo.

Mouch mediteraneyèn, Chank Sitrus ak « Malaleuca » se kèk ekzanp espès etranje anvayisan ki te aji anpil sou abitan, pwodikè ak anviwònman Eta Florida dènye ane sa yo. Mouch mediteraneyèn nan se yon epidemi devastatè pou plis pase 200 varyete fwi, nwa ak legim. Chank Sitrus, yon maladi trè grav pou plizyè sitrus, atake fèy, boujon ak fwi yo; li lakòz fwi yo tonbe anvan lè tou. Nan eta Florida, non sèlman gen anpil plantasyon komèsyal sitrus ki ka kontamine men gen bon valè sitrus plante nan lakou kay yo tou. « Melaleuca » ak lòt movezèb nuizib menase monte sou vejetasyon Florida e depafini resous natirèl esansyèl peyi a, patikilyèman de ekosistèm ou pa kontre lòt kote tankou Everglades.

Menas sa yo bon jan serye. Chak ane, APHIS bloke plis pwodui agrikòl ak plant kontamine; pwodui sa yo ka detwi anviwònman ak agrikilti tout Etazini, tankou yo ka gen konsekans negatif sou disponiblite manje nan peyi a. Men kèk nan bon valè pwodui agrikòl danjere ke Etazini entèdi antre oswa limite antre yo sou teritwa ameriken, lè yo sot nan sètèn peyi :

| | | | |
|--------|--------|----------|------------|
| Zaboka | Sitwon | Mango | Diri wouj |
| Sitrus | Kaffir | Papay | Pòm zetwal |
| Durian | Litchi | Pomelo | Tejocote |
| Gwayav | Longan | Rambutan | |

Vyann ak pwodui ki fèt ak vyann

Òganis ki lakòz maladi betay ka viv de mwa nan vyann ak nan pwodui ki fèt ak vyann, tankou sosis e divès kalte janbon an bwat ki vann aletranje. Lafyèb aft, lafyèb pòsin afrikèn, lafyèb pòsin, se kèk nan anpil maladi betay ki ta ka koute plizyè milya dola pou eradike yo si yo ta rive antre sou betay Etazini. Pa gen maladi sa yo Etazini men yo kouran nan plizyè peyi etranje ke vwayajè ak enpòte ki sot ladan yo ap bwote manje.

Tout kagezon vyann, kèlkeswa kantite l oswa destinasyon li, esepse yon ti kantite vyann an bwat ke yon moun ka pote pou konsomasyon pèsònèl, dwe mache ak sètifika ofisyèl enspeksyon vyann gouvènman peyi li soti a delivre. Sètifika sa yo dwe tabli peyi kote pwodui a soti epi

pwosede enspeksyon an tou. Pwosede sa a pral diferan sivan sityasyon maladi betay nan peyi vyann nan soti a. Yon vyann an bwat ki pral vann sou mache ameriken an ka pase si enspektè a ka tabli ke vyann nan te kuit anedan kenn nan apre li te fin sele, yon pwosede ki pèmèt pwodui a dire sou etajè, san neseseite frijidè.

Menas la pa pou agrikilti sèlman

Kidonk, lè pwodui agrikòl kontrebann yo reyisi pase nan filè pwoteksyon kalite ak pwoteksyon sanitè APHIS yo, se wout yo louvri pou antre maladi ak epidemi endezirab nan peyi a. Pwodui agrikòl ki enpòte ilegalman Etazini reprezante yon gwo menas pou komès ak agrikilti ameriken se vre men kèk ladan yo ka danjere pou sante moun tou; ladan yo gen : Ansefalopati sponjifòm boven (maladi vach fòl), enfluanza avyan patojenik (grip zwazo azyatik); oswa mennenjit eozinofil, gastroaniterit eozinofil, ... tout on seri maladi ki ka fatal ou jwenn nan eska-go, limas ak rat.

Anplis maladi ak epidemi yo entwodui nan peyi a, kalite pwodui vyann kontrebann yo byen souvan enferyè e pa koresponn a ekzijans sanitè ak garanti minimòm yo.

Plis enfòmasyon

Pwodui agrikòl ki antre Etazini ilegalman e nan kontrebann gen konsekans sou tout moun nan Florida yon fason o yon lòt : soti nan posibilite destriksyon ekosistèm Eta Florida e bès resous natirèl li rive nan ravaj tout agrikilti ameriken e, pa konsekans, disponiblite manje pou peyi a. APHIS bezwen èd ou pou pwoteje resous vital sa yo. Si w ta vin sispèk kèk kontrebann pwodui agrikòl, tanpri avèti ofisyè FIST nan zòn ou an. Nou ba w garanti non w p'ap nonmen nan koze a.

Si ou gen kèk kesyon sou pwogram FIST la oswa si ou ta vle denonse yon mouvman kontrebann, ou met rele youn nan nimewo sa yo :

| | |
|-------------------|----------------|
| Fort Lauderdale : | (954) 356-7252 |
| Fort Myers : | (941) 768-4758 |
| Fort Pierce : | (561) 464-1038 |
| Gainesville : | (352) 331-3990 |
| Jacksonville : | (904) 396-2363 |
| Miami : | (305) 536-4758 |
| Orlando : | (407) 648-6856 |
| Tampa : | (813) 228-2121 |
| West Palm Beach : | (561) 844-9935 |

Si ou gen kesyon sou enpòtasyon legal plant etranje ak pwodui betay Etazini, kontakte Biwo Pèmi Enpòtasyon Depatman Ameriken Agrikilti nan (301) 734-8645 oswa konsilte sit entènèt APHIS la nan adrès (www.aphis.usda.gov/oa/imex.html).

Nan pwogram ak aktivite li yo, Depatman Agrikilti Ameriken entèdi tout diskriminasyon ki baze sou koulè, ras, peyi kote moun soti, sèks moun, relijyon, laj, kwayans politik, tandans seksuèl, sityasyon famiyal oswa matrimonyal. (Tout kategori sa yo pa aplike sou tout pwogram). Moun andikape ki bezwen kominikasyon pwogram enfòmasyon sou lòt fòma (bray, tep-kasèt, tèks enprime an gwo karaktè), ta dwe kontakte sant

USDA TARGET nan (202) 720-2600. Pou rapòte yon diskriminasyon, ekri USDA, Direktè, Biwo Dwa Sivil, Chanm 326-W, Whittier Building, 14th and Independence Avenue, SW, Washington, DC, 20250-9410 oswa rele (202) 720-5694. Depatman Ameriken Agrikilti garanti menm opòtinite travay ak sèvis pou tout moun.